

FON POU AKSYON IJAN NAN DEFANS DWA IMEN FANM

INTÈVANSYON RAPID NAN BAY SIBVANSYON

Fon pou Aksyon Ijan an bay soutyen finansye pou entèvansyon estratejik ki pwofite lè okazyon prezante pou fè avanse dwa imen fanm. Kalite okazyon sa yo prezante lè genyen yon evennman moun pa atann – kelkeswa si li pozitif oubyen negatif – e evennman sa a kreye yon sityasyon kote yon entèvansyon rapid kapab genyen yon empak enpòtan.

Fon Aksyon Ijan an bay sibvansyon nan twa kategori:

- **Sityasyon konfli ame, vyolans kap ogmante oubyen nan anviwonman politik ki volatil sètadi nenpòt ki bagay kapab rive**
- **Yon aksyon nan la jistis oubyen nan lejislati ki etabli yon presedans**
- **Pwoteksyon defansè dwa imen fanm**

Kelkeswa kategori an, se pou pwopozisyon pwojè yo demontre tout kritè sa yo:

Estratejik – aksyon an gen rapò ak yon plan ki detèminen alavans pou kreye yon chanjman estriktirèl ki pral fè dwa imen fanm avanse.

Ke pèsonn moun pa tap atann & Ki Ijan e dwe adrese touswit – sityasyon an oubyen okazyon an se yon bagay pèsonn pa tap atann e se pou aksyon an fèt rapidman pou li gen efè

Dirab – gwoup la kapab ranpli aksyon an yon jan ki efikas et li kapab jwenn finansman pou travay nan lavni ki gen rapò ak estrateji a.

Sipò – gwoup la gen sipò lòt moun ki ap travay nan domèn dwa imen fanm oubyen lòt domèn ki gen rapò ak sa, swa nan nivo lokal la oubyen nan nivo mondyal.

Premye bagay Fon pou Aksyon Ijan fè se gade sityasyon an ki prezante an epi apre li analize pwojè entèvansyon ki gen pou li reponn a sityasyon an. Nou rekonnèt jan bagay yo kapab chanje kife sa vin nesèsè pou modifye kèk nan aktivite yon entèvansyon. Fon pou Aksyon Ijan an finanse tout kalite aktivite, menm si objektif jeneral la se toujou pou fè dwa imen fanm avanse.

Fon pou Aksyon Ijan an akòde de ti sibvansyon piti ki gen pou yo ede yon entèvansyon sou yon kou tèm nan kad yon estrateji lon tèm. Pou demand ki pi ijan yo, sa pran nou 72 èdtan (sètadi 3 jou) pou nou reyaji. Si nou resevwa yon demand ki

pa andose, sa kapab pran yon tan anplis.

Fon Aksyon Ijan an pa gen kapasite pou li fè don pou efò imanità, ni pou aktivite jeneral nan kad yon pwogram, e li pa finanse patisipasyon moun nan kolòk.

Selon Platfòm pou Aksyon ki soti nan Peken, Fon Aksyon Ijan an bay yon priyorite a pwomosyon e pwoteksyon fanm pou yo kapab jwi a 100% e egal-ego de tout dwa imen yo e libète fondamantal yo, san gade sou ras moun nan, lang li pale, relijyon li pratike, oryantasyon seksyèl li, opinyon politik oubyen sou lòt sijè, ni sou orijin nasyonal ou gwoup sosyal moun lan.

KOMAN POU FÈ YON DEMAND

Demand pou don yo kapab fèt dirèkteman kote Fon pou Aksyon Ijan an oubyen demand lan kapab refere a moun oubyen òganizasyon ke nou konnen deja. Nou kapab reyaji pi rapid lè se demand ki vini avèk andosman youn nan konseye nou yo, yon lòt sous finansman oubyen yon moun ki notab nan kominote dwa imen fanm yo.

Pwopozisyon yo kapab vin jwenn Fon pou Aksyon Ijan an pa imèl, faks oubyen lapost.

Si moun kap fè demand yo mande sa, nou kenbe sekre tout ransèyman sou sikonstans yon pwopozisyon.

Se pou pwopozisyon yo gen ladan yo enfòmasyon sa yo:

Ransèyman sou òganizasyon/moun lan

1. Non ak adrès moun kap fè demand lan (telefòn/faks/imèl)
2. Non ak adrès gwoup ki pral responsab don an (telefòn/faks/imèl)
3. Silvouplè dekri misyon òganizasyon an oubyen domèn prensipal travay li
4. Silvouplè di konbyen fanm ki travay pou gwoup lan e ki post yo okipe (si genyen)
5. Silvouplè bay non ak responsabilite lòt gwoup ki travay nan entèvansyon wap pwopoze an (si genyen)
6. Silvouplè bay non ak enfòmasyon pou kontakte òganizasyon, sous finansman oubyen kolèg ki kapab konfime travay wap fè
7. Silvouplè bay yon list antite kap finanse aktivite gwoup ou aktyèlman ou ki finanse aktivite li deja
8. Kijan ou vin konnen Fon pou Aksyon Ijan an?

Sityasyon an

9. Silvouplè bay deskripsyon evennman an ki fè ou pwopoze aksyon sa a. Ki lè evennman an pase?
10. Eske se te yon bagay ke moun tap atann a li?
11. Ki sa ki fè sityasyon sa a se yon okazyon pou fè avanse dwa imen fanm?

Aksyon Ijan

12. Silvouplè bay deskripsyon repons ou pwopoze pou sityasyon an.
13. Poukisa aksyon ou pwopoze an se yon ijans ki gen pou adrese touswit (Kisa ki fè fon yo nesèsè kounyè a?)
14. Kòman don sa a ap bay sipò a yon estrateji pi jeneral pou fè avanse dwa fanm nan rejyon an oubyen nan lemond?
15. Kòman ou kapab demontre ke gwoup yo kap patisipe nan aksyon an gen kapasite pou yo akonpli aksyon an e pwofite de okazyon sa a nan travay yo pral fè nan lavni?
16. Dapre atant ou, kilè aksyon an ap reyalize?
17. Ki montan demand lan? Silvouplè presize an ki monè montan an ye?
18. Kijan yo pral sèvi ak lajan an? Silvouplè bay yon bidjè si sa posib.
19. Ki lòt sous asistans ki disponib pou efò sa a?
20. Eske se pou ransèyman nan demand sa a kenbe sekre? Si repons lan se wi, silvouplè eksplike pou ki rezon.

URGENT ACTION FUND

3100 Arapahoe, Suite 201

Boulder, CO 80303 USA

Telephone: +1.303.442.2388

Fax: +1.303.442.2370

E-mail: urgentact@urgentactionfund.org

Website: <http://www.urgentactionfund.org>